Babad Alit (Kinder-babad)

Keboemen 1911

I. Panaraga

Sabedahé kraton Madjapait ing nalika taoen 1400, poetrané sang ratoe Madjapait kang asma radèn Djakapitoeroet oetawa radèn Blakhali telock haro soeltan ing Demak, kabawah ing soeltan Demak. Radèn Djakapitoeroet maoe bandjoer mleboe agama islam djoemeneng pangkat wali adjoedjoeloek Batara Katong, samadjane isih anjar enggoné marsiadi kawroeh bab agama islam, ananging kaleboe poendjoel ing panemoe sarta pantji pinter, moelané dipidji dening kangdjeng soeltan, dapoerih melockaké wong Djawa kang isih nganggo agama boeda kang djoemoenoeng rawetaning goenoeng Lawoe (saiki karesidènan Madioen) panggedéné wong Djawa boeda, kang ana rawetaning goenoeng Lawoe ikoe pangkate kiageng, nagarané ing Koetoe (saiki kaoenderan Djetis district Terdjawanoegoe afdèling Panaraga) dèné seboetané pangkaté Kiageng Koetoe.

Batara Katong sawisé roemanti, anggawa bala satoe patangpoeloeh, kabèh para moekmin (moeslim) kang wis pada bisa ngadji koer’an lan kitab; panggedéné bala maoe aran kiageng Mirah, ikoe dipertjaja karo Batara Katong sinadoeloe sinarawèdi. Lakoné Batara Katong saka Demak mangidoel ngètan, sing margo tan tjinarita, djoedjoeg ing désa Plampitan (saiki désa Soelana merdikan Batara-Katong bawah districk koto Panaraga), ana ing désa kono Batara Katong sabalané pado moelang agama islam toemrap marang wong Djawa ing désa-désa liyané kang isih nganggo agama boeda, wong Djawa kabèh pado demen nganggo agama islam; nalika ikoe Kiageng Koetoe wis mireng jèn Batara Katong moelang agama islam marang wong Djawa bawahé, Kiageng Koetoe ora ngaroebiroe apa-apa, awit won weroeh jèn ikoe saka paréntahé kangdjeng soeltan ing Demak, bareng wis sawatara taoen wong sabrang lor (wiwit désa Plampitan mangaler erganti teka Madioen) wis pada mleboe agama islam kabèh, Batara Katong bandjoer ngalih mangidoel ngebroli désa Nglangoe njedaki hoetané Kiageng Koetoe, ana ing désa kono io moelang agama islam, lawas-lawas Kiageng Koetoe dapoerih mleboe agama islam soepaya amboerang agama boeda, ananging Kiageng

Koetoe lenggana, amarga roemangra wis toea, sarta wis demen agama ikoe, dèné boeah wong seliané bawahé arep mleboe agama islam ora dilarange.

Batara Katong ora marem wong sakawan mangkono ikoe, Kiageng Koetoe dapoerih dapoerih mleboe agama islam, soewé-soewé pado sela ing remboeg, dadi padoe, bandjoer nganakaké perang antarané wong moekmin lan wong boeda, lawasé perang ikoe nganti sawatara taoen ganti kahoendih, terkadang wong boeda haroran, terkadang wong islam. Ing nalika sawidji wektoe Kiageng Koetoe ngetog balané, para adjar ing goenoeng-goenoeng pada toemboeloe margoé perang, dèné perangé karo Kiageng Madjapait, wektoe bangettampakané banteng gagah prakosa, pantjolote banteng ikoe banter banget, gamane Kiageng Koetoe tombak lan pedang.

Bareng wis pado roemanti kabèh wong boeda maoe ing rawidjining bengi nangoah perang, di-irit Kiageng Koetoe lan adjar Goenoeng Bajangkaki, panggonané perang ana sa-loré désa Nglangoe, nalika ikoe wong islam akèh kang mati, perangé wong islam kasoran, sakariné kang mati pada loemadjé ngungsi oerip, andelik ing alas oetan ing désa panggonané wong islam. Batara Katong ia keplajoe pisah karo balané, nganti teka sakoeloné kali Tempocran. Wong boeda bareng weroh wong islam pada loemajoe, goerie bandjoer pada boebar, boeli moelih marang oemahé déwé.

Nalika ikoe Batara Katong banget prihatiné noli boeli menjang Demak moerih nyoezoon bantoe. Kangdjeng soeltan maringi bala manèh, kabèh para moekmin panggedéné aran kiai Sela-Adji, dadi saiki baboentoé Batara Katong wong loro, sidji Kiageng Mirah, loro Kiageng Sela-Adji, pada sinadoeloe sinarawèdi. Saka Demak Batara Katong bali marang djoedjoeganė manèh karo wong loro maoe lan balané, ia ikoe ing désa Plampitan kaseboet ing dhoewoer, ana kono Batara Katong ngoempoelaké para moekmin sabrang lor, ia ikoe ing kadisoen sapangalor kang wis lawas pada mleboe agama islam, bareng balané Batara Katong wis pada ngoempoel akèh manèh, bandjoer nglorèg mangidoel nakoer mangètan andjoedjoeg ing désa Sawo, ana ing kono tatan tatan perang lan sedia barang-barang oetawa gaman-gaman kang perloe-perloe.

Kiageng Koetoe ia wis midanget pawarta jèn wong islam anglarag manèh menjang Koetoe, Kiageng Koetoe ngoempoelaké para adjar-adjar sarta balané para wong boeda, sarta gaman werna-werna pada disiagakaké saprabott paprangan. Ing nalika sawidjining bengi Kiageng Koetoe nglarag mangètan mapakaké moengsoeh, tempocké prang ramé banget akèh papati, sakalane ikoe wong islam kahoendih akèh ring mati. Kiageng Koetoe prangé tan kena linawan, toenggangane banteng pantjoloté banter, ing wajah bengi petengé Kiageng Koetoe lan bantengé, bisa awas pandeloengé kaja déné awan, ananging Batara Katong

sabalané pandeloengé peteng, moelanē andadèk aké soesahe Batara Katong, jèn perang awan Kiageng Koetoe ora nglawani, jèn awan Kiageng Koetoe sabalané pada singidan manggon ana ing alas, jèn bengi nempoeh ngebroli balané Batara Katong, bala islam akèh kang katiwasan, bareng Batara Katong arep kahoendih ing joeda, anoli nèsi ana ing pratapau Gidah goenoeng Bajangkaki, nioeyoeon kemoerahang kang moerbèng djagat, kaprié soepaya bisa menang apa ora moengsoeh Kiageng Koetoe.

Matjarita nalika sawidjining bengi Batara Katong olèh sasmita saka Goesti Allah, prangé, prangé jèn nganggo craoe boro-anggoel, dèné srawant hoedoe nganggo obor madjapat. Lor wetan kidoel lan koelon, amarga Kiageng Koetoe ikoe jèn prang ing wajah bengi, jèn dieranamé padang obor Kiageng Koetoe sabalané mripate bloloken, ora bisa permana pandeloengé, dèné jèn ora diobori paningalé awas padang mrawang kaja déné awan moelané kerep oenggoel.

Sawisé Batara Katong antoek sasmita mangkono énggal dilakoni, ing lia dina bareng wis sronaté bandjoer mangrah perang manèh. Nalika perang iki Batara Katong isih kahoendih malah nganti keplajoe pisah karo bala akèh, saroerané Batara Katong nandang gerah, ring ngetotake moeng kiai Sela-Adji lan poenakawan sawatara. Batara Katong andelik marang pinggir alas ing padésoan an roro-ong, sariranė karos loengkrah tanpo kahoetatan, saroené keplajoe karo bala akèh sangoe wis entèk, ora ana panganan apa-apa manèh. Nelika ikoe ing padésochan kono ana sapi sidje diewé anah isih tjilik, sapi ikoe arep dibeleh kago tambo ngelih, Batara Katong ora pareng, moeng dipoendoet poerhané, sapi bandjoer dapoer sabon isoek metoe poerhané sagoendoel dionmjoek Batara Katong, bareng Batara Katong wis angoemjoek poerhan sapi sariranė Batara Katong koetat sarta roesa, bagar kewarasan hawani mangkat perang manèh, noli balané kang pada ora sekoelum poekoel manèh.

Bareng wis pepak sarta obor-obor wis pada goermawih kabèh, ing rawidjining bengi anoedjoe petengan djero, Batara Katong sabalané mat angetog kaoediranė mangrah prang nerempoek rawangi ikoe, Kiageng Koetoe ia wis sedia sabalané kabèh, dènè panggonané prang ana sawétaning désa Sawo, Gedah Goenoeng Bajangkaki, tempocking joeda ramé sanget bala islam lan bala boeda pedang sinedarg, tombak tinoembak, roedock rinoedock; bareng wis tengah wengi nganase Kiageng Koetoe rejo gambira, obor penarang modjopat, Kiageng Koetoe sakantengé bloloken, groemboel dikira mangsoeh, mangsoeh dikira groemboel, pantjoloting banteng moemboel-moemboel ora pramana, sing diantjap lan sing ditabrak dorda mangsoeh, kerep hadjoengkel lan ketoetoek ing kajoe gedé.

Bareng wis lingoer bengi ing sisih wètan ana yamock sidje angregenek dikira mangsoeh katon angregemeng ditabrak saka koelon sahajengé, panjoloting banteng saking bantéré ketoetoek

goemoel hang awatoe, banteng kaglingkang roemapoet, énggal Kiageng Sela-Adji ngantjap Kiageng Koetoe dilariki tombak djadja troes walikat, Kiageng Koetoe pralaya sakantengé pisan, bareng koenawané Kiageng Koetoe didjedaki Batara Katong arep dipricksa, bangké sakantengé moemboel ing awang-awang bandjoer sirna.

Ing kono ana soeara oemoeling mangkéné oeningé: “Hè Batara Katong saiki akoe kalah karo kowé, bésoek ing boeri anak poetoekoe bakal males marang anak poetoemoe ing hari.” Sarirané Kiageng Koetoe kabèh para Kiageng-ageng toewin para adjar-adjar apa manèh bala boeda kabèh, pada telock amboengkoké gamant, tombak karo pedang sapoetarvaté, ora ana wong sidji-sidjia hang mongkol, kabèh telock marang Batara Katong, sarta gelem nganggo agama islam angoewang agama boeda, prang boebar, tata-boedhal menjang désa Nglangoe, salkhané désa Nglangoe Batara Katong mranata pamréntahan ing sabrang-kidoel, ing désa Nglangoe didegi masdjit pondhokan, sing ngepalaai para moekmin lan ranti kiageng Sela-Adji marentah Sabrangkidoel kabèh.

Singana sabrang koelon sakoeloné kali ikoe ing Samarata kiageng Mirah, ring ano tala-tah pagocnoengan Patjitan kiageng Posong, ing ano tadatah pagocnoengan Tanggoel minak Sopal, dènè kang ano sabrang lor Batara-Katong djoemeneng ing désa Plampitan karo poenggawa sawatara, marentah sabrang lor, nalika ikoe Batara-Katong anggeger papali/wawaler/satoe-aoen toemoet kabèh ora kena mangan daging sapi, awit sarirané koetat saka poerhan maoe, sarta ratih ared désa iki jèn toeroene Batara-Katong amadjang wawaler awake bandjoer kena lelara bintel kaya bidoeren sarta gatel panas, dadi watesé tanahé Batara-Katong maoe lor kali Sela wétan goenoeng Pandan, goenoeng Wilis mangidoel, kidoel raga-roedi, koelon goenoeng Lawoe, mangalor ngetog bangawan Solo, mangidoel teka sagoro-kidoel, pamréntahan nalika ikoe sing dihentjeng akèh marsiadi agama islam, ngadji koer-an lan kitab, saben sabun koeto ana pondoké kanggo panggonané santri ngadji, sarta ana kjainé kang moelang santri maoe. Dèné kang djoemeneng panggedéné kiai-kiai maoe: kiageng Mirah, kiageng Sela-Adji, kiageng Poso, minak-Sopal lan sawatara liyané manèh, dènè Batara-Katong djoemeneng walisolah, angerèhaké para moekmin maoe kabèh ing sawétaning goenoeng Lawoe.

Tamréntahané Batara-Katong banget tentrem kabèh wong sawétaning goenoeng Lawoe pado roetjoet, soemoengkum toemoet-toemoet marang Batara-Katong ora ana wong sing mangkol oetawa sing malang-malang alange-alange oetawa anjangkul marang pamréntahané Batara-Katong nganti tekané sepoeh, diganti marang poetra, pangkaté pangeran Balioelah. Wong Djawa kabèh pado marsiadi agama islam, ngadji koer-an, ngadji kitab marsiadi, aoel, takrib, badjoeri, sitin, semara-han fatal-moein, tasaoeoek sapanunggalané. Akèh banget wong Djawa

sawétaning goenoeng Lawoe kang djoemhoer ngadji kitab kang dhoewoer-dhoewoer panoenggalané kitab tasaoeoek, parantiant kang gedé-gedé ing Nglanoe, Tegalsari, Setono, Mirah, lan lia liané.

Bareng pamréntahané Batara-Katong loemeroe marang poetra, aseli toemoeroen marang wadjah, wadjah ikoe ngalih padaleman, meler soko Gepoeri Pakaranganè Batara-Katong, dènè enggoné adeg dalem ana sakidoelé dalemé Batara-Katong doeh satoengah pal, halané angadegaké dalem maoe angloempoekaké para moekmin para kiai-kiai kang wis djoemhoer ing ngèlmoe agama islam lan nalika ikoe karo poenggawa kang gedé-gedé wis pado pando menjang ragané. Mopahut poenggawa kang gedé-gedé nagaranè Batara-Katong didjenengaké Panarago, awit wong banmi akèh kang panomarang raganè, tegesé hano: doeoe oerasé, raga awak, werosé marang awaké, werosé aralé raganè, lan werosé wekasané, tegesé weros murang kamoeganing sangkan paranè. Nalika ikoe para pangeran wadjahé Batara-Katong maoe hintelepané pangkaté soko kangdjeng soeltan, apangkat adipati, dadi wis roedjoek karo para moekmin poenggawa kang gedé-gedé rawisé dalem rampoeng sarta bandjoer djoboenge djoemenengan adipati. Wiwit nalika ikoe djoemenengé adipati Panarago, nalika taoen [..] pamréntahané adipati Panarago kalebu tentrem, wong Panaraga madjoe enggoné pado merroedi kawroeh ngèlmoe agama islam sajo tambah-tambah, nganti misowoer ing saporlo Djawa, jèn wong Panaraga pada pinter-pinter ngadji kitab. Bareng Batara-Katong dadi boemi narawita oeganti saiki.

Wiwit sing dadi adipati ing Panarago ikoe toeroen matoeroen isih soko Batara-Katong. Nalika karaton Djawa ana ing Padjang isih sadjroné windoe .15. soeltan Padjang asoedjoeloek hangdjeng soeltan Adi-widjaja, boemoe adipati Panaraga kang isih lor di-oewah, kaparingake marang isoe dalem hangdjeng soeltan, ingkang asmo hangdjeng pangeran Kar, bandjoer didjoemenengaké pangkat panembahan adjoedjoeloek panembahan Madioen, dènè watesé kali Tjatoer mangaloer ngetog goenoeng Lawoe, mangétan ngetog goenoeng Wilis, sing lor dadi bawahé panembahan Madioen, kidoel bawahé adipati Panaraga sapangidoel djedoeg sagara.

Sadjroné windoe .17. nalika knaton Djawa ana ing Mataram, kang djoemeneng rator ingkang sinochoon hangdjeng sinochoon Mangkoeratmas, ana perang ataranè hangdjeng soenan lan hangdjeng pangeran Poeger. Hangdjeng pangeran Poeger ikoe ingkang pamané hangdjeng soenan. Hangdjeng pangeran Poeger angendèh karatoné ingkang poetra kaponakan maoe. Kalelahanan perangé Hapoe-geran balané oenggoel, balané hangdjeng soenan kasoran, akèh kang mleboe Hapoe-geran, hangdjeng soenan boten katjonggah nanggoelangi perangé kang paman, hangdjeng sinochoon ladjeng lolos soko pradjia menjang Panaraga, pangeran Poeger bandjoer djoemeneng rator ana ing Mataram, adjoedjoeloek hangdjeng sinochoon Pakoeboewana sapisan.

Hangdjeng soenan Mangkoeratmas rarowohé ing Panarago, parentah kalawan kekes marang adipati Panarago, soepaja oegreboet nagara Mataram, ngendèh sodoeloejaning sinochoon Poeger. Bareng adipati Panarago srepo bandjoer dikethok goloeré, io ikoe adipati Mertawongsa toeroen Batara-Katong. Para poenggawa lan pamili Mertawangsa akèh kang margoel, pado ambalèk niat amandjing hangdjeng soenan Mangkoeratmas. Hangdjeng soenan énggal lolos loemajoe menjang tanah Djapan (Madjakarta) ana ing kono kaljandak kompeni lan balané hangdjeng sinochoon Pakoeboewana I noli dichekel dikendangaké menjang poelo Klong, dinkantèni wong Djawa kèh èkel lanang wadon.

Pangkat kadipaten Panaraga bandjoer diganti poetrané dipati kang di-oenari hangdjeng soenan Mangkoeratmas maoe, pamarentahané tentrem ora ana dchoeroe paprangan, wong sa-Panaraga soengkoemé lair batin marang toeroen Batara-Katong. Nalika karaton Djawa ana ing Kartasoera sadjroné windoe .17. njandak windoe .18. ana dchoeroe perang Tjina, ingkang djoemeneng rator ing Kartasoera hangdjeng sinochoon praboe Mangkoerat Djawa. Hang Tjina ikoe tegesé bangsa Djawa prang karo bangsa Tjina, bangsa Tjina kantjani karo wong Windoe pranakan Bab angadegaké rator adjoedjoeloek Soenan-Koening, ikoe wadjahé hangdjeng soenan Mangkoeratmas kaseboet ing dhoewoer, soenan Koening maoe balané bangsa Tjina ing Semarang, Pati, Koedoes, Rembang, Lasem sapitoeroeté, lan abala bangsa Djawa ing nagara kono kang pranakan bangsa Bab, sawisé pepak piranti lan balané bandjoer ngrajah ambedah nagara Kartasoera. Sabedahé Kartasoera hangdjeng sinochoon praboe Mangkoerat Djawa lolos menjang Panaraga, tindakhé mangétan tanpo bala, kindel ing dhoesoen Gendingan (Ngawi) kendel ing omahé wong dèrè ing Gendingan aran Somadrono, hangdjeng sinochoon ana ing omahé Somadrono oena banget panggalihé, telodina bandjoer tindak mangidoel menjang Panaraga, njang-grah ing Samarata, tjedak pasaréhané kiageng Mirah, ana ing kono bandjoer nimbali dipati Panarago, sarta balané sing keri bandjoer noesoel.

Ora antara lawas hangdjeng sinochoon bandjoer ngisig mangidoel, lerem ing désa Sawo tjedak goenoeng Bajangkaki. Ana ing désa Sawo hangdjeng sinochoon angsal sasmita saka goesti Allah, hapoerih nioeyoeon pitoeloeng dateng adipati Panarago, sagedipoen djoemeneng manèh, sasmita maoe bandjoer dileksanani dening hangdjeng sinochoon, sarta moerih piandelé hangdjeng sinochoon noendsoel garwo poetrané adipati Panarago. Adipati Panarago kadoega banget anglakoni dhoewoch dalem, temen-temen soengkoemé lair batin sapanunggalané kabèh, dènè poetra loewih satoe. Sawisé tampo dhoewoch sarta roemanti sepranti sarta balané kabèh, adipati Panarago bandjoer nglarag menjang Kartasoera, nempoeh prang karo bangsa Tjina, Kompeni kang noeloengi, bala Panaraga lan Kompeni prang moengsoeh bangsa Tjina gagah proekoso, kadadjanatjan olèh berokan, bangsa

Tjina dadat larset dioneri soko Kartasoera, soenan Koening katjikel kahindangaké marang poelo Silong noesoel kang ijang. Bangsa Tjina sisané kang mati pado andelik ora angoengoe oerip, dènè bangsa Djawa pranakan Bab balané soenan Koening pado andelik ngoengoe oerip andjalamo, pado rèwè-rèwè dadi kérè ngemis ing désa lan ing nagara. Sababert prang bangsa Tjina siono laroet, hangdjeng sinochoon bandjoer haro kendoer djoemeneng rator manèh, ananging ora ana ing Kartasoera, amargi jari karaton ana ing désa Sala, io ikoe karaton Soerakarta saiki, hangdjeng sinochoon bandjoer djoemeneng rator oennich, poetrané adipati Panarago akèh kang kaparingon pangkat ana ing Sala.

Sadjroné windoe .18. oemyoeny .19. kang djoemeneng rator ing Soerakarta hangdjeng sinochoon Pakoeboewana II ana dchoeroe perang Mangkoeboemèn lan perang pangeran Sambernjawa. Nalika mangso ikoe adipati Panarago sovala haro hangdjeng pangeran Sambernjawa, bandjoer kadochon, linoeroegan ing perang, adipati Panaraga katjandak ana ing désa Dernoeng, bandjoer dedhamané ditigel goloeré, saboebart perang Mangkoeboemèn lan Sambernjawant nagara Panaraga dibreitjah dadi kahoepatèn nem, sisih lor kahoepatèn Poloredjo (Mrekhari), koelon Samarata, kidoel Sawo/Gading/, pinggir kidoel ing Karang (Patjitan), dènè Panarago ana antarané Poloredjo lan Gading, lan Tanggoeltok. Sadjroné windoe 19. tanah Panarago kabawah Goepermèn Walanda, diringkes manèh, kahoepatèn Panarago Gading lan Poloredjo dadi sidji Panarago, Patjitan tetep, Samarata tetep, kahoepatèn Panarago ngalih menjang désa Mernoeng, ora lawas kahoepatèn Samarata dedadekake redji, kabawah marang Panaraga, Tinggalik kabawah marang Kediri.

II. Patjitan

Sababert prang Mangkoeboemèn ana abeliné hangdjeng pangeran Mangkoenagoro kang aran kiaketi-po, diangkat dadi toemenggoeng ana ing Nggengan (Patjitan). Sababertipoen maoe enggoné oerong-oerangaké ing alos-alos dadi boepati, djalaran kaleboe nioeyoeon dadabaran wowohan marang hangdjeng pangeran Mangkoenagari kalaning kadjalan harrahat ana ing alas tanpo dahar, dènè wowohan maoe aranè poerbo (bonto kang wis mateng) moelané bareng tetep dadi toemenggoeng ana ing Nggengan, nagarané di-oeprengaké Patjitan, margo katoeroe soko njamé wowohan kang aran patjit. Bareng toemenggoeng Patjitan Setraketepo wis sèda, haganti poetrané aran radèn toemenggoeng Setrawidjaja, ing nalika ikoe nagara Patjitan bandjoer kabawah hangdjeng Goepermèn panggedéné bangsa Walanda dipangkat Operinder. Radèn toemenggoeng Setrawidjaja ikoe wedi banget karo Walanda, adja manèh neng remboegan katimoe baé ora wani, bareng toeara Operinder manggon ing koeta Patjitan, radèn toemenggoeng Setrawidjaja bandjoer ngoengsi andelik menjang

goenoeng ing alas Manda, ora wani mendoer menjang koeto, hapoertahuni nagara dipasrahoaké marang demang Rodjawinangoen aran kiai Djajaniman, hang maoené telar mendoer ing désa kono. Kiai Djajaniman pandji wong djakèh, gagah proekoso biso ngerdchoaké wong Patjitan, sarta kanggo parawitand marang toeara Operinder. Ora antara lawas radèn toemenggoeng Setrawidjaja didjepot, bandjoer bojong menjang Sala, kiai Djajaniman goemanti dadi boepati ing Patjitan, adjoedjoeloek radèn toemenggoeng Djajakarnjo, nalika ikoe wiwit ana boepati sapoeran bawahé Goepermèn ing nagara Patjitan, toeroen matoeroen oeganti toearahé wadjah kiai Djajaniman maoe dadi boepati ing Patjitan, sakandjoert noli diganti wong lio. Panggedéné Patjitan soko bangsa Walanda maoené apangkat Operinder, lawas-lawas bandjoer Asistent Resident kabawah marang Bakoei, ora antara lawas manèh bandjoer kairèh marang Madioen.

III. Madioen

Nalika karaton Djawa ana ing Padjang kang djoemeneng soeltan Padjang hangdjeng soeltan Adiwidjaja, boemi Madioen kaparingaké isih dalem hangdjeng soeltan anamo pangeran Mas, pangkaté panembahan adeg padalemané ana ing koeta Woenocri (Madioen) sakandjoert panembahan Madioen. Pereng kraton Djawa wis ngalih menjang Mataram panembahan Senopati ing Mataram haras-as ngelar djadjahan satanah Djawa bakal dichekaké kabèh, panembahan Madioen bandjoer ditelockaké, panembahan Madioen prangé kasoran, dioner rako Madioen lolos menjang Djapan (Madjakarta) boemi Madioen kairèh marang Mataram, sarta poetrané panembahan Madioen poetri hagarwo panembahan Senopati, bareng wis lawas poelatan kakoerang wis diwoso noli ditetepaké dadi panembahawono ing Madioen angganti kang ijang, kabawah menjang Mataram. Nalika pamarentahan rator Djawa ana ing Kartasoera toemochant Soerakarta, boemi Madioen dibrejach dadi kahoepatèn sawelas: 1. Panaroer, 2. Tjaroeban, 3. Ngeroning, 4. Ngawi, 5. Tanggoel, 6. Poerwadadi, 7. Maospati, 8. Madioen, 9. Kagetan, 10. Goentoengan, 11. Gendingan. Bareng boemi Madioen kapasrahaké marang Goepermèn, dadi dèrèhané diringkes dadi teloe: Samarata, Madioen, Tjaroeban, lan Ngeroning dadi sidji tetep boepati ana ing Madioen. Magetan, Gendingan, Maospati, Poerwadadi, tetep kahoepatèn ana ing Magetan. Ngawi Tanggoel, Gendingan, dadi sidji, tetep kahoepatèn ing Ngawi.

IV. Babad ing Jenggala-Manik taoen 1100-1200

Ing djaman kono kira-kira sadjroné windoe .13. ana sawidjining pandito kang ambaroer tapa, adjoedjoeloek mri Gentajoe, pertapané ing èdèng-èringé goenoeng Wilis sisih lor aran Ngelor, dènè panditamaoe dchoewè dèrèhan tanah naloré goenoeng Wilis bawah menjang Ngetos, dènè tanah dèrèhan maoe dadi nagara aran Koripan, pandito maoe wis padaleman njasa Tjandi petilasan lio-liané, oeganti saprènt isih ana woedjoedé. Sang pandito kagoengan poetra limoe, kang pambarep wadon, djoemeneng pandito wadon ana sawétaning goenoeng Wilis ing dachoelt Tredjoengoel dènè pertapané ana goewo Sela-Mangleng, poetranè pandito mri Gentajoe maoe kang papat lanang pado djoemeneng rator kabèh, hang loeo djoemeneng rator ing Jenggala-Manik, nagara Jenggala-Manik maoe saiki ana ing district bawah kahoepatèn (saiki ing Sido-Hortojo) kang raji djoemeneng rator ing Tamenang ing Kerawan lan ing Tenggeroe, dènè kraton poenat maoe sing bindoro knaton ing Jenggala-Manik. Katjoerita rator ing Jenggala-Manik maoe wis soewoor adil kalamoerto barbardé nagara gemah ardjo akèh para sabrang angadjawa, dènè djoedjoegané sang praboe Lemboe Amilochoer satanah Djawa lan poelo-poelo lio-liané kairèh in Jenggala-Manik, knararè lan kalelohoerand messowoor onnyoe tanah sabrang lan tanah Djawa. Sang praboe kagoewan poetri Heling poetrané sang rator Heling, karo sang poetri maoe poetoelan sidji kakoeng, adjoedjoeloek radèn pandji Amoe-Mertopati, radèn poetra maoe dipitjoelokaoké ana ing tanah Heling, moelané roro-poetro maoe misowoer kagoerand, bareng wis poetra ngoeloesoend radjapoctro maoe kendoer menjang Jenggala-Manik, ana ing Jenggala-Manik amnoewani para goegonan, kajoelo: Tombak, haris, pedang, golok, lamung sapanunggalané. Wiwit nalika ikoe wong Djawa bandjoer pado sindoe anggo-ra-pwesi digawo goegonan, alia soko ikoe radèn pandji Amoe-Mertopati maoe poendoedjoel kawroehé bab peperangan ing daratan lan ing laoetan, nalika djaman samono ora ana wong sidji-sidjia ing satanah india kang nimbangi kawroehé radèn pandji Amoe-Mertopati. Moenggah knaton papat kaseboet ing dhoewoer maoe kang djoemeneng poespoh io ikoe pandito wadon ong dachoch Tredjoengoel kaseboet ngarep adjoedjoeloek dèwi Kilisoetji sadaloert ing Toeo dèwi. Sadjroné pamarentahan djaman ikoe kang andadikahé dchoeroe peperangan kalan radèn pandji Amoe-Mertopati apalakhraoe olèh poetri ing Tamenang kang aran dèwi Sekartadji. Poetri Tamenang maoe misowoer ajoe èndach, woeroeand ora ana roro poetri hang madani, akèh para radjo kang pado angebani dchoewoe droek oetawa nglamar, saroening rator Tamenang kewoechan sing bakal ditampani, bandjoer ngadegaké sajemboro perang gedé, endi sing oenggoel dèwè bakal ditampi dadi djodone sang poetri. Katjoerita rator kang gedé sarta akèh abèh, io ikoe sang praboe Klono-Sewardono, sowocht sang praboe Klono-Sewardono ing Tamenang sarana nitih praoe djong anetog bangawan Bantah, laboeh ana ing

pelaboean oetawa ing désa Djongbirce. Perangé para radja-radja oenoos-oenoos sing misowoor soewé lan ramé io ikoe sang praboe Klono-Sewardono lan radèn pandji Amoe-Mertopati. Sang praboe Klono-Sewardono perangé neroempoer wekasam kapoedhoch-ing ajoeda sarta balané akèh kang mati, dènè para radja liané pado telock lan pado kendoer in nagarané dèwè-dèwè, lan dènè sang praboe Klonasewardono sariranè kang pado mati boeli amolèh. Saboebart perang ora antara lawas radèn pandji Amoe-Mertopati didjoekebahé karo dèwi Sekartadji, sabandjoert kendoer menjang nagara Jenggala-Manik, bareng ingkang ramo sang praboe Lemboe-Amilochoer sèdo radèn pandji Amoe-Mertopati goemanti dadi rator adjoedjoeloek sang praboe Soerjo Amiloehoe, kagoengan poetra kakoeng poetoelan lan dèwi Sekartadji, aramo Koedalalèan, nalika samana Panarago Jenggala-Manik katekan moengsoch soko sabrang, angreboet nagara ing Jenggala-Manik, sang praboe mapag perang, jamané wong sabrang maoe ana ing Ngalah segoro akanti poelo-poelo aran Woedalanan, perangé sang praboe kalindih, kapoedoch ing ajoeda ana ing tengahé sagoro kono, ananging moengseché sang praboe maoe sirna laroet katradjang poedant Koedalalèan poetrané sang praboe saboebart peperangan Koedalalèan djoemeneng rator ana ing Jenggala-Manik angganti ingkang ramo, adjoedjoeloek sang praboe Moesa-Tandreman. Sadj djoemenengé sang praboe Moesa-Tandreman ora antara lawas ana dchoeroe pambaledoed goenoeng Bidjoero, nalika goenoeng Bidjoero ambaledoedo moetahaké lahor satoe-laoe hang ord hino gedhé. Lahar maoe andaledag soko goenoeng Bidjoero noli mangaloer ngelebi nagara Jenggala-Manik, kabèh omahé, kaho-jon, mardjid lan lio-liané, sirno katoro-tako dènè lahar, dadi nagara Jenggala-Manik kapeudoem ing radjo sourt lemah, wong-wongè biso ngoengsi pado mati. Sang praboe Moesa-Tandreman lan poenggawa-né sarta lio-liané wong sawatara, ngeli mangaloer andjoedjoeg ing tanah Piangam, bandjoer dordo hoech ana kono, haprenah ratjedoh kali Moewar.

V. Babad Kediri

Sasedané sang praboe Tamenang nagara Hlonklang, margo poetiand poetri hagarwo rator Jenggala-Manik, raho hararand rator Jenggala-Manik lano amroedjoeh haro para poenggawa, pamarentahan rator Tamenang hasrahoaké marang pandito wadon dèwi Kilisoetji ing Potjangan, kalelahananang pandito djoemeneng rator ana ing Tamenang anggentini hang raji. Saboebart saiki oeng dadi rator wong wadon lan ambeg pandito sarta kedi, apa-manèh ora kramo, saiki nagara Tamenang wadjah di-oelich djenengé, soepajo olèh berkahé sang rator poetri, nagara Tamenang di-oelich aran nagara Kediri, awit nagarané rator wadon kedi, hatelah nganti djaman saiki nagara maoe aran Kediri. Sawidjané sang rator poetri nagara Kediri bandjoer ora ana sing djoemeneng rator manèh, bandjoer dadi désa-désa di-breitjah-

marang doro-doro oeng gedé sakoewé-tengent, djalaran soko pambaledoed goenoeng Kelout, lahar angreusaké nagara. Nalika goenoeng Kelout ambaledoer, moetahaké lahar gedé angoesoegri nagarané adipati Kondjor. Tandjir ikoe kabawah menjang Kediri, saiki afdèling Blitar. Katjoerita nagara Tandjir olèh djinawi, adipati Tandjir ikoe misowoor soegih, biso jaso Tjandi aran Tjandi Penataran, Tjandi ikoe batoe tinoempoeck-tinoempoeck akanti achir sekiané dchoewooré kira-kira limolas mèter, ing dhoewoor ana sè Tjand akèh woedjoed kaja wajang hang tinedo ing kelir, bareng nagara Tandjir maoe hatetock ing lahar, Tjandi-nè kapeudoem ing lemah, saiki sing katon haré retjo wajang baé. Nagara Kediri nalika ikoe io bandjoer roesak margo lahar sako goenoeng Kelout, wongé pado ngalih amarang nagara lio, goleh enggon kang ora kambah ing lahar.

Pertapan goewo Sela-Mangleng

Pertapan goewo Selamangleng ikoe panggonané dèwi Kilisoetji, pernehé ana lumping iring-iringé goenoeng Wilis kang sisih loewatar, iring-iringé goenoeng ikoe ana watoené gedé mangloeng mangétan, watoe maoe sing dpro tinaoenghoch ing goenoeng watoe hang mangloeng maoe ana goewoné aran goewo Selamangleng, ikoe pertapané dèwi Kilisoetji rator ing Kediri, ngarepè goewo pertapan ana pelatarané goemoch tjilik, sarta ana wit-witané, woedjoedé goewo maoe kaja goewo gawihané wong dordo goewo dadiné raho hoeroct, awit lawangè goewo sarta tèmboké goewo sing dpro hatoro aloer-telis gagaman, kajoedonè tanakach, apa-manèh jèn andeleng tèmboké goewo sing dpro kabèh disenich ana gambaré akara, gambar wajang, gambar wong sapitoeroeté lunger; sarta dchoe, goenisé lawangè tjat, ing dpro ngerndel, ambané lawang kira-kira .1. mèter, dhoewooré rongmèter dènè sing doro sadedeg pangawt. Sing doro kang wis hidar ana paloenggoehant sendah-andachand moeng sadja, hojo piranti paloenggoehant, lan ano loewengé peteng, ambané kira^2 tloeoeng^2 prepat mètèr, dpro-né rorotengah mètèr, goewo ikoe dpro-nè ana pertapané dèwi Kilisoetji, rator ing Kediri, saiki dadi panjadranan (pahaotan) akèh para bangsa sanadjan doedoe bangsa Djawa ia masing njadran menjang goewo Selamangleng.

VI. Désa Siman lan Berawa

Ing désa Siman lan ing Berawa, ing djaman ikoer ana panditā djedjaka kabang adi, sidik paninggalé, bentoer tafaoer, soetji pikiré banget enggonè marnadi kawetanmè wong radjagad, pernahé désa Siman lan Berawa ikoe ratoré Pandjer - Blongket, pandito loro maoe partatèlano nang ribrihand nganggo angger^2, dhoet angger-anggerè: kabèh wong ora kenā tjidrā, njolong, ngahoesi, madon (demenan), moenker, madat, main, ngabotohan sapanunggalané piala. Dènè jèn ana wong wanter nradjang

larangan maoe amerti sanalikā mati dikereh ing matjan. Kiai pandito ing Berawa doewé ingon^2 matjan goewinè toekang ngerèg wong doerdjana, alio sako ikoe ing dėsa kono akèh matjané gadjoengan, matjan dadi-dadané wong, ikoe asalé mangkéné: Kiai pandito maoe ngelahaké moedjidjadt gawé redjo matjan lanang, andchoen gedènè pado karo gadjah, bolonganė redjā matjan lan doebooré mloeboer metoe soembert banjoe bening, sakhèhè saking moedjidjadté pandito maoe, jèn ana wong doewen dadi matjan hoedoe ngombé soember kang metoe sako doeboor, sanalika noli anjir bandjoer dadi matjan, jèn arep dadi wong manèh hoedoe ngombé soember sako ing esoengé redja matjan ikoe, sachal bandjoer malik wong, saiki redjo ikoe isih woetocho nanging soemberè wis mampet, sarta difopetri ing wong désa kono.

VII. Lodaja

Lodaja ikoe alas gedé bawah afdèling Blitar sisih kidoel, ing djaman bièn io alas gedé sapangloeniki saiki, ing kono akèh matjané, sarta kawarta jèn ana matjané gadjoengan, matjan dadi-dadané wong, amoenggoeh moelo bochant mangkhéné: Ing djaman hoeno ana poenggawa-né soerā-loerājo kasikoe ditoendoeng sako soerā-loerājo didèlèh alas gedé kang ana awit^2 elo gedé lan wis dojong, dènè poenggawa^2 soerā-loerājo maoe anggowā bendè sidji, wajang sidji dadi kalangenant, bareng ana ngisoré wit elo kang dojong wis lawas, alas ikoe didjenengaké alas Lodaja. Katjoerita poenggawa soerā-loerājo maoe doewé adji spasart wong biso dadi matjan, ing alas ikoe ana wong toea lanang wadon melarat, doedor-hochi ana gedahé alas ikoe, poenggawa soerā-loerājo maoe bareng wercho wong toea ikoe banget welasé, bandjoer dioendang diopeni difopètrewang, di-enponi lan diwarahi ngèlmoe oetawi djapoené wong biso dadi matjan, awit jèn biso dadi matjan ikoe golèh sandang pangan gampang, ora soesah njambat gawé tegal sawah, jèn wis dadi matjan bandjoer mangan beroe alas, ing Lodaja ikoe akèh banget kidang, mendjangan, bantèng, fpoeloeng, kandoel sapanunggalané ora koekoerangan, amanging wong maoe didjandji sawisé dadi matjan hoedoe ngeraksoe bendè lan wajang hang dadi kalangenant bendaranè, sarta didjandji manèh hoedoe ngadjah matjan alasan sadjabahé alas Lodaja, dapoerch ngiroef nanggo menjang alas Lodaja kabèh, amoenggoeh fasartahé bendaranè mangkono maoe haleksanan, barang maoe disimpen ana ing sanggar, ditoenggoe matjan dadi-dadané wong ikoe, rapa^2 wani angebock amerti dikereh nganti mati. Bareng sakira tengent alas Lodaja wis akèh wongé^2 ikoer kemanjang-garakté barangé, tegesé jèn wong ikoe doewè barang kang pangadji soepaja adja ilang kagawa darsila, barang ikoe hoedoe dironogaraké menjang paranggaranh alas Lodaja, nganti dinā iki isih kalakon, akèh para

wong Djawa kang sugih² pado njangarakté barangé menjang Lodaja, dènè barang kang diranggarakté ikoe sa-opamo ditjolong maling simaling amoerti mati dikereg ing matjan Lodaja.

Nikand anjanggarakté barang menjang sanggaran Lodaja ikoe mangkéné: barangé roro apa² hoedoe digawa menjang paranggaran bandjoer laro-toer: „Kiai barang koelā poenikā koelā andèlèch titip ing ranggaran, panpaksani-poen soemangga, sarta lo wajang lan bendè ditoempanaga-hè barang kang di-anggarakté ikoe, bandjoer ngebong doepa, ninggali jek bakal radjèn saparloené, roro manèh is doewit sa-tali marang djoeroe-koentji minangkā opahé ngatoeraké barang ikoe, sabandjoert barangé bandjoer digawa moelih, disimpen ana ing omahè dèrèwè. Sanadjan disimpen ana omahé dèrè mangkā barang ranggaran maoe ditjolong maling, tortantoe maling ikoe diboeroe matjan Lodaja, jèn ora gelem ambalèkaké mesti dikereg matjan Lodaja saingga mati, tjaritané wong-wong biso dadi matjan maoe doewé adji² pangoeripan hang marahi bendaranè, sing di-iriph matjan hang manggon ana ing alas liané Lodaja, moelané misowoor banget jèn-la Lodaja ikoe kedaleh matjan, lawano matjané gadjoengan, alas Lodaja ikoe hantjèn alas gedé lan djoembar, loetoch-koetané glagah alang² lan kaho-jon, akèh kèwant hang dadi pangané matjan, hoejatlo: kidang, mendjangan, kandoel fpoeloeng, bantèng sapanunggalané. Saking djoembaré alas, matjan manggon ing kono dperah banget ora ana wong kang marnoenaki, apoe-manèh ing Lodaja ikoe wongé arang², amarga ing kono soember arang², ora foeto akèh banjoe, karo dènè manèh wartoné alas Lodaja ikoe wingit, matjané ikoe ingon-ingoné para leloeboert Lodaja, narsama-mā di-fopetri ring wong amerti ngasock, dadi para wong Djawa arep-anaten, matjan Lodaja wedi, ora ana kang wani angganggoe mamateni matjan Lodaja, moelané sapa lawar matjan Lodaja ikoe lamah-woewoch-woewoch but djiwa-né matjan, anah beranahan babar angredo fpoeang² atoe. Alio sako ikoe kawonochon matjan sako alas lionè panggonan hang di-iriph dening matjan gadoengan, moelané misowoor satanah Djawa panggonant matjan akèh lan gedé² ikoe in alas Lodaja, district Lodaja afdèling Blitar Residentiè Kediri.

VIII. Bab Padjadjaran

Sadjroning windoe 14. sang praboe Moesa-Tandreman, adeg kraton ana ing tanah Piangant tjedak karo Krawang, nagaranè redjo rahajoe slamet, wong Djawa klangwitan lan tengahan pado ngili mangaloer djoedjoeg in tanah Piangan, kalo djaman samono tanah Djawa tengah lan wétan ononé goenoeng pado ambaledoer, angroesakaké nagara lan padèsan, wongé hang ora kèngingnas angili, amesti akèh hang mati pado katradjang lahar. Sang praboe Moesa-Tandreman adeg nagara in Piangant, doetoer oetawi ratané, sadjronè nagara pado ditandocri wit Cemara adjèdjèr-adjèdjèr, bareng wis katon bétjèk nagarané ikoe dedjenengaké

Padjadjaran, rator Padjadjaran angertihakè wong satanah Djawa, toeroen-matoeroen nganti kaping nem, pamarentahané misowoor adil paramartaberboedi sarta asih parā kowoelā kabèh, wong satanah Djawa hidep lair batin soemengkem marang rator praboe nganti nem toeroenan, lawasé rator taoenakert hang djoemeneng rator wiwitan nganti toemchant wekasan kajo ing ngisor iki: 1. Radèn Koedalalèan. (Sang praboe Moesa-Tandreman) 2. Radèn Lemboe-Tangara (Sang praboe Bandjarawari) 3. Sang praboe Koelendingwasi. 4. id. id. Moenandingwangi. 5. Radèn Djaka (aria Poertahoesoema) Sang praboe Poenekas. 6. Radèn Sèong - Winara / aria Banjakwidè / Srimaha-radja-Sèkti.

Tarbarat sang praboe Poenekas ana dchoeroe perang gedé in Padjadjaran, perang reboetan nagara, Srimaha-radja-Sèkti moengsoch poetrané sang praboe Poenekas, dènè asal moelo-bochant perang maoe mangkéné: Nalika djoemenengé sang praboe Poenekas, inghang sinochoon haras anjobi kawroehé pandito sidik in goenoeng Nung tanah Piangan, katimbalan menjang kadaton in Padjadjaran kadanoe andchakakè metoh barang wadè. Akert barang wadè maoe mangkéné: Sang praboe haras andamel daro marang sang pandito, kagoenganè ampil sang praboe hang ora ambobot digumboti bokor, dinton saingga kajo wong wadon ameting temenan, noli marak sang praboe, sarta sang pandito inggal katimbalan in ngarsant sang praboe. Sang dawock andchakakè metjo oetawi metek handatand bok ampil, lanang apa wadon lan apo-toh ampil ikoe ngandeg temenan, rawirè sang pandito amatrafahè sakhèhè raoer sarta damang andeleng radjroné primbon oetawa kitabè, pamatjand sang pandito bok ampil njato ngandeg, rampoen nich lakehoen, sarta in bindjoeng saged goemanto radjo, misowoor in kasektènanpoen, saridut bok ampil hang digumbot bokor pandito ikoe bandjoer difopètreni dening sang praboe, bareng pandito maoe wis mati, bok ampil ikoe doenadakan kok meteng temenan, sarta wis nich lake, djalaran soko moendiné sabdant rator lan pandito, pangoeran-aran-sabda pandito rator, tetep njatané ora-oe-oer saramoebat, bareng wetenganè bok ampil wis loetog mangranè, djobang baji lair lanang bagoes roepané (moewā goefpo sang praboe Poenekas oening in galih baji arep difopètreni, nanging ora halakon, bandjoer dèlèhakè aké in peti (gandaga) dèlèhakè huli Krawang.

Katjoerita higedè Krawang djoeroe taminé sang praboe in Padjadjaran ameneri farang harowanaing kali Krawang, higedè ora olèh iwak, pafanganè bara olèh kendaga, bandjoer digawa molih, dibockak isi baji lanang mantjoer tjahjanè, banget andadikaké boengaht higedè, darar bigedè ikoe ora doewé anak woewoch² njai gedè boengaht ingoing koli hang lanang, baji bandjoer disepakara kaja dènè anaké dèrè, seemboelaer slamet gelis gedè, didjenengaké djaka Krawang dadi anaké higedè Krawang, bareng djaka Krawang wis diwars mèlòe bapaknè sebā menjang kraton angrawahi olèh-olèhané pari. Satakant Padjadjaran higedè sèbo sang rator di-iring-akè anaké, sang

praboe oerikani anaké higedè banget ranaming galih, djaka Krawang dipandoert amagong ana in kraton, bareng wis sawatara taoen djaka Krawang ana in kraton in nalika sawidjining dinā gadjahé sang praboe meto, oetjoel soko wantilant, ora ana poenggawa kang biso njekel, noli djaka Krawang toemandang mangsak, gadjah ditjekel idjèn, djaka Krawang gantut katrimaning sang rator, bandjoer didadikaké mantri poenggawa in Padjadjaran.

Ora antara lawas nagara Padjadjaran katekan moengsoch para pradjocrit mantri boepati akèh hang hapratjandang joedant, ora ana sing manggapoeloh amadahi joedant moengsoch, bareng kabèh poenggawa wis pado miris, amantri poenggawa djaka Krawang mangsak ngoendoeraké moengsoch, baang moengsoch maoe ditradjang dening mantri poeggawa kabèh peras akèh hang pado mati, sasi-ranè hang mati pado loemajoe andelik, oetawa bali menjang nagaranè. Sang praboe Poenekas banget asih marang djaka Krawang, sababert perang djaka Krawang diangkat dadi mantri wadon oetawa patih angreh-akè pradjocrit in Padjadjaran, kapatechaw naniè aria Banjakwidè, aria Banjakwidè ikoe pantjè wong pinter, biso gawé gegaman hang bétjèk2, lahar biso dadi empoe, aria Banjakwidè di-ferdjajo banget marang sang praboe. Wong Padjadjaran loewih saparo hang soengkoem lair batin menjang aria Banjakwidè, bareng panghati aria Banjakwidè wis gedè doewé kelingan niat maler marang praboe Poenekas, amanging sang praboe ora kraso2 jèn nagara bakal diwalèr, panggalihé sang praboe menjang Banjak-Widè mangarch treeis lan pertjajo. Aria Banjak-Widè ngg-gont arep nindakakè fiwalèr akanti pratikè-lo wang agawé kanoengant panggalihé sang praboe. Aria Banjak-Widè agawé omah tjilik sako wasikono dirlah-elih soekarepè wong, omah ikoe ambanè jèn ditoenggoechi biso moeni ngrangen kojo gamelan, karo dènè manèh jèn wong loemleboer in dpro omah ikoe jèn mangsant benter dadi adem, jèn mangsant adem dadi panas, jèn mangsant seko badi eis, omah wis dadi bandjoer ditopatreh marang sang praboe, andadikakè secho permaning panggalihè sang praboe Poenekas, saben dinā hagem hang dadi parloené.

Ing nalika sawidjining dinā praboe Poenekas ameng2 in omah wesi maoe, moeng kanti poenakewan sawatara, sarta dichrihakè aria Banjak-Widè, bareng wis kabaro leno, omah wesi ditotock soko djaba dichontji rafet, sang praboe ora saged babar pisan angonochakè omah wesi, bandjoer digemplongakè kali Krawang, haro atjalatòc-sachi sang praboe tanpo fiwalèr, amarga sang praboe haras matèni pandito lan baji hang tanfo dosa, omah wesi hatjomploengaké in kali Krawang, sang praboe bandjoer sias kabalabog. Sakalā gigir sadjront kadaton, para poetra pada pating bititit anjandak gegaman, arep ngrantoeg aria Banjak-Widè, amanging aria Banjak-Widè ora kèwraning pratikè, andèlè mapan angoempoelakè para poenggawa hang anoot marang dèrèkè, dènè kèhè para poenggawa hang anoot marang dèrèkè loewih rong prateloow, dadi moeng rong prateloow kang moengsoch karo aria Banjak-Widè, nalika ikoe in Padjadjaran ana perang gedé reboetan

nagara. Prangè aria Banjak-Widè oenggoel, moengsechè kalah. Para poetra santanā kang ora gelem teloek, bandjoer pada lolos bengo sako nagara Padjadjaran, aria Banjak-Widè bandjoer djoemeneng rator ana in Padjadjaran adjoedjoeloek Srimāharadja-Sèkti.

Katjoerita pangoeran pati in Padjadjaran lolos menjang pertapané pandito in Goenoeng Bang, njoewoen pratikè-lo marang sang pandito, dawachhè sang pandito mangkhéné: „koeloch kowè ora biso menang karo sang praboe Maharadja-Sèkti, jèn ko pekes awakmoe mesti toemcking tiwas. Tjetèl ora biso dadi rator, kowè ikoe beneré fametjigalan rator, nanging ora ana in Padjadjaran, fitudoeh-ko marang kowè saiki lakonano, pradjoganè kowè loengā amangétan bener kènè, adja lèrèn[2] manawā doeroeng amoc wit madjā ambongridji wohè, dènè sarant pait, ikoe golèkano kaki dindanti katamoc, jèn wis katamoe noli is babbad-ing alas kono, lan pernaché wit madjā maoe adeganā omah, sabandjoert poenet awit ikoe ora lawas dadi kadaton gedé, sira hang djoemeneng rator nganti toemchant toeroen, dèrèhané djoembar, kaseboet rator binatara. Sadowo-hè sang pandito dilakoni pangoeran pati Padjadjaran loemoeli tindak mangétan, sabuw kendel amiling-miling apa woewitan hang hadawachhakt sang pandito, dènè tindaké hang andèrèk santanā lan parā poenggawa sawatara hang tresnā lanrang pangoeran.

IX. Bab rawa Tjamfoer

Rawa Tjamfoer ikoe sawidjining rawa gedah in kono akèh wongé, dèrè bièn dadi nagara aran Krawa, saiki dèlèh Toeloengagoeng. In nagara Toeloengagoeng ana tjandind aran tjandi Panampihan, woedjoed watoe poetto-lawano wong djaman hoeno, empoe-èmpari dèh kono sing kono dpro hanggonand wong memoedjo oetawa sembahjang. Gedahé ganda Panampihan ikoer ana lamah gatal, woedjoedè palemahan resik ora ana toetochoch-lawan oetawa rereged opo[2], lamah gatal ikoe moelané resik baé awit jèn ana gogodongan katoot in angin toemibā in lemah gatal maoe, bandjoer sirnā kajo dènè kobong, jèn ana kèwan oetawa wong hang katlandjoer ngantjih lemah gatal ikoe sanalika henā laro, torkadang mati sachal ana in kono, soewé[2] bangkant biso ilang, kajo dènè kobong dening geni. Rawa Tjamfoer ikoe enggon iwak katock gedé[2] lan akèh, iwak ikoe difopetri wong kono dadi panganpa djiwat, dènè iwak koetoch ikoe hoedoe digawè sega, pangoelahè mangkéné: Iwak ikoe dperik diboewang isiné, kepèlè lan endasè bandjoer di-dang rawirè mateng noli difoepèt diferes banjoenè, dideplok loemloet sarta di-opè nganti garing, rawirè garing sarta loemloet, bandjoer didang kajo dèrè fangolahé sega, oetawa diliwet, dadi sega iwak koetoch. In district Waroeng - Djajang, lan in district Kertasani afdèling Ngandjoek io ana dèrè Gedah rawa, wongé pado mangan sega iwak koetoch kajo wong in rawā Tjamfoer (Toeloengagoeng). Rawa Tjamfoer ikoer dikbièn

nagaranè ana in Ngrawā lan in Kalangbrèt panggedèné apanghat toemenggoeng, kaarch in Mataram, bareng kaarch in Goepermèn nagara Ngrawā lan Kalangbrèt ilang ditetepakè ana in Toeloengagoeng.

X. Bab kiai higedè Ngiman

Soenan Giri praboe Satmata, kagoengan poetra kakoeng aramo Liman, banget enggoné marnadi angroesaki sarch-ing agama islam, dènè fatrafè angalaalā marang kawrocht santri, njopèlèhakè ngèlmoenè para moela ngaloem. Saridut fatrafè mangkono maoe biso gawé tjibaré agama islam, lan bingsawè isich pondokan mardjid, si Liman maoe bandjoer diboewang menjang goenoeng saloré goenoeng Wilis, goenoeng hang diboeki Liman ikoe bandjoer karan goenoeng Liman (goenoeng panggonant oetawa pasepahant si Liman), si Liman ana in goenoeng kono maoe bandjoer djoemeneng kinging, moelang ngèlmoe kadigdjajan lan kanoeragan marang wong Djawa hang pado foeroet madoing kono, bareng wis akèh moeridè, higedè Liman salah panamoer dadi kraman abala para moeridè, ora antara lawas henā katjekel kagawa menjang Sala, diochoen pati. Padèpohant higedè Liman ikoe bawah kahoepabèn Berbeg, kalaut kabawah marang Mataram kaboepatènè ana papat: Kertasono, Ngandjoek, Gadjahan lan Berbeg, bareng kaarch in Goepermèn diringkes dadi sidji, tetep ana in Berbeg, lawas² bandjoer ngalih menjang Ngandjoek.

XI. Daftar Isi / Ringkasan

- **p. 1 th/n 11.** Injariosaken nalika Batara-Katong amebkahken kiageng Hoetoc sakawahipoen roepados sami loemebet in agami islam, ngantois kelampahan tiang bawahipoen kiageng Hoetoc sami telock nanging kiageng Hoetoc sèdo in faprangan.
- **p. 11 th/n 12.** Injariosaken nalika Setraketepo dados toemenggoeng wonten in Patjitan (moelo-bochanipoen kawastanan nagari Patjitan) ngantois dornogininipoen kabawah in Hangdjeng Goepermen.
- **p. 12 th/n 13.** Injariosaken nalika boemi Madioen (kagoenganipoen panembahan Madioen) ladjung kabawah in Mentaram, ladjung kabawah in Kartasoero ngantois doemoeginipoen kabawah in Hangdjeng Goepermen.
- **p. 13 th/n 16.** (in Jenggalan-manik) Injariosaken praboe Lemboe-Amilochoer (poetranipoen resi Getajoe) toeroen-matoeroen ngantois doemoegi praboe Soerjo Amilo (Amoe-Mertopati), sarta praboe Moesa-Tandreman (Koedalalèan), ngantois doemoeginipoen Jenggala-manik haros-and amargi saking pandjabloeginipoen redi Bidjoero.

- **p. 16 th/n 17.** Injariosaken nalika dèwi Kilisoetji (poetro Getajoe) djoemeneng rator in Tamenang (wiwit Tamenang kawastanan Kediri) ngantois doemoegi rasedamipoen sang poetri, foenapo-malik anjariosaken adipati Panarago.
- **p. 17 th/n 18.** Injariosaken pertapan Goewo-Selamangleng (pertapanipoen dèwi Kilisoetji).
- **p. 18 th/n 19.** Injariosaken pandito in Siman lan Berawa (bab matjan gadocngan).
- **p. 19 th/n 20.** Injariosaken awit katahing ramè in Lodaja.
- **p. 21 th/n 26.** Padjadjaran kingingipoen aria Banjakwidè (Maharadja-Sèkti).
- **p. 26 th/n 27.** Rawa Tjamfoer (Toeloengagoeng).
- **p. 27 th/n 28.** Kiageng Liman (in redi Liman) inkgang boten fondong daton agami islam.